



Kigarama 2024

Ikirundi

Arashaka kuba kumwe namwe!

Kontakt: Meinolf Wacker
Kirchplatz 7
59174 Kamen

Mobil.: +49-172-5638432
Mail: meinolf.wacker@go4peace.eu
Homepage www.go4peace.eu

**„Aho babiri canke batatu bakoraniye kw'izina
ryanje, mba ndi hagati yabo!“**
(Matayo 18,20)

Bakunzi ba go4peace,

„Yooo! Ese iyaba nshoboye kwibera hamwe namwe!“ – Iciumviro nk'ico kiradushika ku nyota, iyo turi twumva turi kumwe n'abantu mu mutima, tutari bushobore kuhaba ku mubiri. Tuguma twipfuzwa kwibononira n'abo dukunda, hamwe n'abo dushaka kugumana. Umutima wacu urasharwa, wuzuye inambu.

Bene iyo nambu nyene niyo irurumba mu mutima w'Imana kubera twebwe abantu. Yipfuzwa kuba igihe cose kubana natwe. None ivyo bishoboka bite, ko Imana yafashe ikibanza n'umwanya, agaheza agasangira nabo n'amageragezwa. Yahavuye rero abitorera inzira aravyumvisha abakunzi biwe ati: „aho babiri canke batatu bakoraniye kw'izina ryanje, mba ndi hagati yabo!“ (Matayo 18,20). Izina ryiwe ni Rukundo. Aho abantu bakundana bari, aho niho aba ari, kandi vy'ukuri, n'aho aba ataboneka. Ivyo tubibonera ku kanyamuneza kimbitse, no ku mahoro hagati yacu. Ivyo ni vyo bikorwa biranga ko Imana ariho iri. Umutima w'Imana urarurumba ku bwacu, kandi wuzuye inambu.

Igihe kimwe nari nateguye imikate ine njana ku rugendo rurerure nari ngize ngiye muri Pologne. Ku mugoroba, hari hasigaye ibiri. Niho Niho numva ijwi rimvugiramwo riti, yibike muri frigo, ntuyirye. Nari kumwe n'abayabaga batandatu. Hacye imisi ibiri, turiko twitegura ngo dutahe muhira, kandi tutari bushobore kuronka icoturya, havamwo umwigeme umwe mubo twari kimwe anyumvisha ko, ataco atamiye adashobora kuragama ku rugendo. Nuzuye akanyamuneza, ndaheza ndamuhereza ya mikate ibiri, kandi yari igifise itoto. Ayifungurana akanyamuneza, arikamaza ati. „Eee! Iracaryoshe!“ Akanyamuneza kuzuye ubukengurutse bw'uyo mwigeme, ni ko kamfashije nanje kumara urugendo mpimbawe. **Arashaka kuka kumwe namwe!**

Ku bwa go 4 peace Team

Meinolf Wacker